ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ХЕКIЫП

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

№1 (21.659) ● 2010 гъэм щIышылэм (январым) и 12, гъубж ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI ● И уасэр соми 3-щ ●
adyghe@mail.ru
adyghepsale.ru

Ди пелуанхэр ягъэлъапIэ

БлэкIа илъесым и нужьрей махуэм Налшык щагъэлъапIащ 2008 гъэм Пекин щекIуэкIа Олимп зэхъэхуэм альадж-урым бэнэкIэмкIэ чемпион щыхъуа Хъущт Асльэнбэчэ бэнэкIэ хуитыныкIэ спортсмен нэхъ хьэдэ щIдахэм я дунейпсо чемпион цIэр 2009 гъэм къэзыхьа Махуэ Билалрэ.

ПЕЛУАНХЭМ екъуэхьуну зэIущIэм къеКIуэлIащ КъБР-м и Президент Къанокъуэ Арсен, республикэм и Парламентым и депутатхэр, КъБР-м и Правительствэм хэтхэр, спортым и лэжьакIуэхэмрэ спортсмен щIэныIуэхэмрэ. Республикэм и Iэтащхьэм жиIащ Хъущт Асльэнбэчэрэ Махуэ Билалрэ блэкIа илъесым екъулIэныгьэ инхэр кьыхэрагъэлъэгъуар. Олимп зэхъэхуэм и чемпион цIэм кьыдэкIуэу, Хъущт Асльэнбэч дунейпсо чемпионатым ещанэ увыпIэр кьыщихьащ. Махуэ Билал Данием щекIуэкIа дунейпсо чемпионатым кьыщыпэщIэта и хьэрхуэрэгъуэм зы очко закъуи фламыхьыфу, пашнагьэр нубыдащ. «Махуэ Билалрэ Хъущт Асльэнбэчэрэ я екъулIэныгьэхэм къагъэлъагъуэ а щIалэхэм Iэзагъэшхуэ зэрабгъэдэлъыр. Сэ шэч кьытесхьэркъым а щIалэхэм я зэфIэкIыр республикэм спортым зыщегъэжьынымкIэ лъабжьэщIэу зэрыувынум», - жиIащ Президентым.

ДапэкIи екъулIэныгьэщIэхэр кьахьыну, узынщагъэ быдэ я Iэну щIалэхэм екъуэхьэри, Къанокъуэ Арсен езым и фондым кьыхэхIыу абыхэм сом мелуан зырыз I-р яхуэупсащ. Ахьшэ тыгъэхэр хуагъэфэщащ спортсмен цIэрыIуэхэм я гъэсакIуэхэу Гаджибеков Алибэч, Кьардэн Анзор сыми.

ЗэIущIм кьрихьэлIа псомиКъанокъуэ Арсен Илъэсыгьэр угъурлы яхуэхьуну, узынщагъэ быдэрэефIэкIуэныгьэрэ я Iэну екъуэхьуащ.

Фигу кьэдгъэкIыжьынщ 2008 гъэм Пекин щекIуэкIа Олимп зэхъэхуэм ди къэралым и лыкIуэу хэтахэм я ещанэ дыщэ медалыр Хъущт Асльэнбэч кьыгъэрытхуихьар. Ар Урысейм спортымкIэ щIыхь зиI э и мастерщ. Альадж-урым бэнэкIэмкIэ 2008 гъэм дунейпсо кубокыр кьихьащ, Поддубный Иван и цIэкIэ екIуэкIа дунейпсо зэпеуэм, Европэм и чемпионатым, Испаниемкъэкуэ Гран-При дунейпсо чемпионатым щытекIуащ, 2005, 2006, 2007 гъэхэм Урысейм и чемпионатхэм уныIуI э лыагъэхэр щыубыдащ.

Махуэ Бидад бэнэкIэ хуитыкIэ 2007 гъэм Урысейм и чемпионщ, 2007, 2009 гъэхэм дунейпсо чемпионщ. Ар 2005, 2006 гъэхэм ныбжьыщIэхэм я дунейпсо зэхьэзэхуэхэм щытекIуащ. Гу лыитапхъэщ Махуэ Билал 2005 гъэм дунейпсо зэхьэзэхуэм бэнэкIэ хуитыкIэ дыщэ медаль, альадж-урым бэнэкIэмкIэ жэз медаль кьыгъэрыщIихьам.

Билал и илъесий зэрыкъуэрэ спортым хэтщ. 2007 гъэм ар яп э дыдэу балигъэкъым яхэту Налшык кьалэм утыку кьыщIихащ икIи КъБР-м, Урысейм, США-м я командэ кьыхэхахэм ирагъэкIуэкIа зэхьэзэхуэм щытекIуащ. АдэкIэ абы Дагъыстэм щыщ бэнакIуэ цIэрыIуэ Курамагомедов Курамагомед хигъащIэри, Урысейм и чемпион хьуащ.

Илъэс 22-рэ зи ныбжь Махуэ Билал 2009 гъэм и фокIадэ маузм «Спорт» телеканалым ирагъэкIуэкIа урысейпсо зэпеуэм кьрикIуахэм япкъ иткIэ, Урысейм и спортсмен нэхъыфIу кьалъытащ.

КОНАКОВ Хьэсэн.

Еджакlуэ нэхъыфlхэр Президентым и хьащlэщ

2009 гъэм дыгъэгъазэм и 31-м Правительствэм и Унэм щызэхэтащ Илъэсыщlэ пшыхь. Абы Къэбэрдей-Балькъэрым и Президентым иригъэблагъэ республикэм и курыт еджапlэхэм фIы дыдэу щеджэ ныбжьыщlэхэр.

ПШЫХЬЫР кьыщIэзIуихьи, Къанокъуэ Арсен еджакIуэхэм илъэсыщIэмкIэ екъуэхьуащ. Абы кьыхихгъэщащ ди ныбжьыщIэхэм екъулIэныгьэщхьэгъэ урысейпсо утыку зэрыслIэуужьыгьуэхэм кьызэрэщащагъэльэгъуар.

- ФЭ фощIэ щIэблэм щIэныгьэ ягъуэтыным дэ сыт хуэдиз гулыIэ хуэтщIми, Сыт хуэдэ зэманми щIалэгъуалэращ цIыхубэм и гуГапIэр. ПIалъэ кIэщIым кьируубыдэу фи щIэныгьэми, фи зэфIэкIми республикэр хуэныкьуэнущ. Фэращ ди щIыналъэм зезыгьэужьынур, - жиIащ Президентым.

Къанокъуэ Арсен ныбжьыщIэхэр кьыхуриджащ егупсысауэ Iэщ Iагъэр кьыхахьыни икIи абы Iэкlуэльакlуэ зыхуащIыным, Къэбэрдей-Балькъэрыр фIыуэ я лъагъуным.

- Мыхьэнэшхуэ илъэс 63-рэ зэрырикъум и щIыхь зиI э щIдахэ, зи махуэр зыгъэльапIэхэм абы фIыщIэ яхуищIащ.

Меркулов Александр КъБР-м и Правительствэм и

Меркулов Александр КъБР-м и Правительствэм и Прокураторэм щекIуэкIащ. **Республикэм и прокурор Жариков Олег зэхьыхьэ кьыхэIуихри, илъэс 288-рэ зэрырихьур зыгъэльапIэ Урысей прокураторым и тхыдэм. 2009 гъэм кърикIуахэм кIэщIу тепсэлъыхьащ, и лэжьагъуэм екъуэхьуащ.**

КъБР-м и Президентымрэ Правительствэмрэ къьбгъэдэкIыу прокураторым и лэжьакIуэхэм псалъэ гуапэхэмкIэ захуигъэзащ КъБР-м и Правительствэм и Унафэщ **Меркулов Александр**. Я Iэнатlэм мыхьэнэшхуэ зэриIэр къыхигъэщри, зи махуэр зыгъэльапIэхэм абы фIыщIэ яхуищIащ.

Меркулов Александр КъБР-м и Правительствэм и Щlыхь тхьылъхэр яритащ Прохладнэ къалэм и прокурор **Антышев Алексей**, КъБР-м и прокуроры и дэIэпыкъуэгъу нэхъыжь **Мырзэкан Лиуан** , прокураторым и къудамэм и унафэщI **Туменов Эльдар** сымэ.

ГуфIэгъуэ зэIущIэм кьрихьэлIащ икIи кьыщхъуэсахэм псалъэ гуапэхэмкIэ зыхуагъэзащ КъБР-м и Парламентым и Унафэщ **Чеченов Ануар**, республикэ прокураторэм СледствиемкIэ и комитетым и унафэщI **Устэ Валерэ** , Наркотикхэм ебэныныкIэ управленэр КъБР-м щыIэм и унафэщI **Кульбаев Руслан** сымэ. Абыхэм лэжьакIуэхэм фIыщIэ хуащIащ я къалэнхэр жэуаплныгьэр зыхащIэу зэрырахьэкIым, республикэ прокураторэр Ипщэ щIыналъэм щыIэ-хъыфIхэм зэрыхабжэм папщIэ.

АдэкIэ прокурор Жариков Олег УФ-м, КъБР-м я прокуратурэхэм я дамыгъэхэр, сагъэтхэр, фIыщIэ тхылъхэр республикэ, къалэ, районым прокураторэхэм я лэжьакIуэ нэхъыфIхэм яритащ.

УФ-м и прокурор **Чайкэ Юрий** и унафэкIэ «Урысей Федерацэм и прокураторым щIыхь зиI э и лэжьакIуэ» бгъэхэIу дамыгъэр ахьшэ сагъэт щIыгъуу ирагащ республикэ прокурорым и яп кьудэзэ, юстицэм и чэнджэщэгъу нэхъыжь **Жекеев Алахьберды**, «Прокураторым и ветеран» медалыр хуагъэфэщащ Бахьсэн кьалэм и прокурор **Кьаскъул ФуIэд**, «Хабзэм зэрыкъуэпжьым папщIэ» дамыгъэм и 1-нэ нагьыщэр КъБР-м и прокурорым учетымкIэ, статистикэмрэ правовой кьызэгъэпэщынгьэмкIэ и дэIэпыкъуэгъу нэхъыжь **Хаджиевэ ФатIимэт**, Бахьсэн районым и прокурорр**Кьарэмырзэ Кьазбэч** 3-нэ нагьыщэр хуагъэфэщащ.

Гулъытэншэу кьагъэнакьым нобэ щIэблэм я щIапхъэ, чэнджэщэгъу пэжжэу прокураторым илъэс куэдкIэ щIилъжьа пщIэ зиI э ветеранхэри.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

Я махуэшхуэм и щIыхькIэ ● Дыгъуасэ

«2009 гъэм Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и республикэ бюджетым и Iуэхуэкlэ» Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Законым зэхъуэкIыныгьэхэр хэлъхьэным теухуауэ» Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Законым хуэгъэзауэ

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещI:**

1. «2009 гъэм Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и республикэ бюджетым и Iуэхуэкlэ» Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Законым зэхъуэкIыныгьэхэр хэлъхьэным теухуауэ» Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Законым къэштэн.

2. А Законыр Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Президентым и деж егъэхьын Iэ щIидзын икIи цIыхухэр щыгъуазэ ищIын папщIэ.

3. Мы Унафэм кьару егъэут кьыщащта махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщ
ЧЕЧЕНОВ Ануар

Налшык кьалэ
2009 гъэм дыгъэгъазэм и 22-м
№211-П-П

Нэхъ хуэмыщIахэм зыщIагъакъуэ

КъБР-м и Президентымрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхуэщ Iапl эмрэ «Къэбэрдей-Балькъэрым щыхъыбархэр» телепрограммэмрэ зэщIыгъуу кьызэрагъэпэщащ цIащIэ дэжьыгъэм хиубыдэу Илъэсыщ Iэм и пэ кьихуэу тыгъэхэр хуащIащ нэхъ хуэмыщIауэ псэу, сабий куэд зэрыс унагьуэу 40-м.

ПСАПАЩIэ Iуэхуэр кьыхэзыгъэпэщахэм дыгъэгъазэм и 15-м республикэм исхэр кьыхураджауэ щытащ Илъэсыщ Iэм тэмэму Iущ Iэну зыхуэзфIэмыкIэхэм зыщIагъэкъуэну. Апхуэдэ щIыкIэ жумартхэр КъБР-м щымащIэкъым. Хьэщхъуэжьхэ, Кьудалийхэ, Мамбэтхэ, Щэтхэ, Кьаздэхьуэ я унагьуэхэм, нэгъуэщIхэми Илъэсыщ Iэм ирихьэлIэу зи Iуэху хуэмыкIуэ дэтхэнэ унагьуэми кьыхуащIэхуащ псей жыг щыкIу, хьэжыгъэ кьэп, гуэгущ, пIъэщхьэмыщхьэхэмрэ Iэфыкъуэхэмрэ, сабийхэр зэрыдджэгун хьэпшыпхэр.

Апхуэдэ щIыкIу жумартхэм кьахьа псапэм и инагьыр кьрибгъэльэгъуэну ирикъунщ дэIэпыкъуныгъэ зрата унагьуэхэм ящыщ зыр зезыхьэ щIыхубзым кьытхуиIуэтам. Абы пIэхэнэ хьуа и анэмрэ и кьуэ сымаджэмрэ зэрехьэ. Абыхэм кьадэкIуэу я кьуэрыпльхэхэри епI, сыту жыпIэмэ и ныкъуэрыпльхэхэ зэрыхабжэм папщIэ.

Адэкlэ прокурор Жариков Олег УФ-м, КъБР-м я прокуратурэхэм я дамыгъэхэр, сагъэтхэр, фIыщIэ тхылъхэр республикэ, къалэ, районым прокураторэхэм я лэжьакIуэ нэхъыфIхэм яритащ.

УФ-м и прокурор **Чайкэ Юрий** и унафэкIэ «Урысей Федерацэм и прокураторым щIыхь зиI э и лэжьакIуэ» бгъэхэIу дамыгъэр ахьшэ сагъэт щIыгъуу ирагащ республикэ прокурорым и яп кьудэзэ, юстицэм и чэнджэщэгъу нэхъыжь **Жекеев Алахьберды**, «Прокураторым и ветеран» медалыр хуагъэфэщащ Бахьсэн кьалэм и прокурор **Кьаскъул ФуIэд**, «Хабзэм зэрыкъуэпжьым папщIэ» дамыгъэм и 1-нэ нагьыщэр КъБР-м и прокурорым учетымкIэ, статистикэмрэ правовой кьызэгъэпэщынгьэмкIэ и дэIэпыкъуэгъу нэхъыжь **Хаджиевэ ФатIимэт**, Бахьсэн районым и прокурорр**Кьарэмырзэ Кьазбэч** 3-нэ нагьыщэр хуагъэфэщащ.

Гулъытэншэу кьагъэнакьым нобэ щIэблэм я щIапхъэ, чэнджэщэгъу пэжжэу прокураторым зэрыкъуэдэщIэ щIилъжьа пщIэ зиI э ветеранхэри.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

Хьэрычэтыщlэ Iуэхум зрагъэужь

АДЫГЕЙ. *Мейкъуэпэ кьыщIызэIуахынущ хьэрычэтыщIэхэм я бизнес-инкубатор.*

РЕСПУБЛИКЭМ и президентым и пресс-Iуэхуэщ Iапl эмрэ кьызэритамкIэ, бизнес-инкубаторым хухахынущ гектар минищым щIигъу. Абы хьыхьэнущ промышленнэ Iуэхуэщ Iапl эу 8, лэжьапIэ офису 18, иджырей техникарэ Iэмэпсымэхэмкlэ кьызэгъэпэща IэнатIэу 150-рэ кьызэIуахынущ.

Бизнес-инкубаторыр уухуэным текIуэда сом мелуан 55-р республикэ, федеральнэ бюджетхэм кьыхэкIащ.

Куржыхэм щIаIуIэн щыIэкъым

АБХЪАЗ. *Республикэм нэгъуэщI къэрал Iуэхуэхмкlэ и министр Шамбэ Сергей иджыблагъэ журналистхэм яжриIащ Абхъазым и президент Бэгъэлщ Сергей Куржым и премьер-министру щыта, властым оппозицIуэ иджыпсту хущIырНогаидели Зураб щIыхуэзэн щхьэусыгъуэ зэрыщымыIэр.*

- ПСОМ ЯПЭРАУЭ, абы теухуа лъэIу дэ кьытIэрыльхьакъым, апхуэдэу хъуми, ахэр щIызэIуущIэн щхьэусыгъуэ щыIэкъым. Куржым властыр иджыпсту щызыIыгъхэми оппозицIэ щыIэхэми яфIэфIщ политикэ джэгуэр ирагъэкIуэкIыну.

Псалъэм папщIэ,Ногаидели Зураб иджыблагъэ Москва щыжиIащ Урысей Федерацэм и кьалащхьэм щыпсэу абхъазхэм я IуIа хуэдэу. Арщхъэкlэ, ар зыхуэзащ Абхъазым и Iэпхъуэкlа куржыхэрщ. АтIэ, а тIури зыкъым, - жиIащ Шамбэ Сергей.

Лъэнтхуэ узхэм щеIэзэ центр

КЪЭРЭШЕЙ-ШЭРДЖЭС. *Республикэм и президентым и пресс-Iуэхуэщ Iапl эм кьызэриримкIэ, лъэнтхуэ узхэм еIэзэным теухуа федеральнэ программэм ирикъ иткIэ, 2010 гъэм Черкесск кьалэм центр щаухуэнущ.*

ЦЕНТРЫР иджырей медицинэ Iэмэпсымэщ Iэхэмкlэ кьызэрагъэпэщынущ. Апхуэдэуи республикэр хагъэхьащ автомобиль зэжьэхэуэ хэм фэбжь хэзыхахэм ядэIэпыкъунымкIэ щыIэ федеральнэ программэм.

ХЬэщIыкъуей Олег.

Унагьуэ щIэхэм я псэукIэр йофIакIуэ

2008-2009 гъэхэм Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм щыщ унагьуэ щIэхэм къэрал дэIэпыкъуныгъэ етынымкIэ программэр гъэзэщIэным хиубыдэу я псэуплIэхэр ирагъэфIэкIуащ унагьуэ 748-м.

«ПСЭУПIэ» федеральнэ программэ хэхам «Унагьуэ щIэхэм папщIэ псэупIэ» и программмэ кьызэдэщIэ зэрагъэзащIэ ильэситIым къриубыдэу республикэм щыщ унагьуэ 521-м псэупIэхэр кьащIэхуащ е ящхуащ. Кьуэжьэм дэс Iэщ Iагъэм I ныбжьыщIэу 227-м я псэупIэхэр зэрырагъэфIэкIуэну сертификатхэр ирагащ «2012 гъэм нэсыху кьуажэм игъуэтыну социальнэ зыужьынымгъэр» программэм хнубыдэу.

КъБР-м и Президентымрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхуэщ Iапl эмрэ.

Щlыуэпсыр хъумэным теухуа программэхэр

КъБР-м Дыкъэзыуухъуреихь дунейр хъумэнымрэ щIыуэпсыр кьэгъэсэбэпныныкIэ и министерствэм и жэрдэмкIэ 2009 гъэм республикэм и районхэм ящыщу 4-м щIыуэпсыр хъумэным хуэгъэзэ программэхэр кьащтащ. Май, Прохладнэ, Псэкэн, Шэрэдж районхэм мы зэманым щагъэзащIэ а программэхэм хиубыдэу лэжьыгъэшхэу ирагъэкIуэкI щIыуэпсым зэусакъыу гъэсэным хуэунэтIауэ.

ХЬЭМДЭХЪУ Сурен.

Гуапагъэм пащэ

● Псапэ

Налшык кьалэ администрацэм Щ Iалъгъуалэ Iуэхуэхэмрэ жылагьуэ зэгухьэныгьэхэмкIэ и къудамэм сыт щыгъуи ирегъэкIуэкI лжьыгъэшхуэ унагьуэ хуэмыщIахэм, сабийхэм яхуэгъэзауэ. Дызытехьа 2010 гъэр абыхэм яублащ «Илъэсыщ Iэ гуфIэгъэр псоми ялъреIэс!» псапащIэкIэ.

КъБКъМА-м и студентхэр, «ЗэгурыIуэ» щIалэгъуалэ клубым хэтхэр, Сабий, ныбжьыщIэ творчествэмкIэ кьалэ центрым екIуалIэхэр Налшык щыпсэу унагьуэхуэ сабий ныкъуэдыкъуэ щапI зыбжанэм щыIащ, Уае Дадэмрэ Уэс Гущэмрэ я фащэхэр ящыгъэ илъэсыщIэ тыгъэхэмкIэ уэзда, «Шагьдий» IуэхущIапIэм и «ГА-Зель» автобус кIэщIхэм ису. Апхуэдэ хьэщIэхэр зыхуэкIуахэм я гугъащ ар гушыIэу, ауэ я сабийхэм тыгъэ щIыкIуэхэр IэщIалъхьэу Илъэсыщ Iэмкlэ екъуэхуэна нэужь, абыхэм кьагурыIащ кьалэ унагьуэщIхэм ахэр гулытэнщэ зэрамышIар.

- Апхуэдэ Iуэпагьэ кьыгIэлъэIэныну дигу кьэкIыххакъым, - жеIэ Инал щIыкIу и анэм. - Илъэсыщ Iэ даудапщэхэм кIуэну Iэмал зимыIэ ди сабийр ягъэгуфIащи, мы Iуэхум и жэрдэмщIакIуэхэм, абы папщIэ гугъу зезыхьа дэтхэнэми фIыщIэ ин яхудощI.

Iуэхум и зэхэублакIуэхэм кьалэм и хьэрыгъэтыщIэхэр кьыхурадж «Илъэсыщ Iэ гуфIэгъуэр псоми ялъреIэс!» Iуэху дахэм кьыхьхьэну. Фы блэжьыну, псапэ пащIэну зэи кIасэкъым.

ДЗЭМЫХЬ Лилэ.



Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2010 гъэм щIышылэм и 11-м *№1-рп*

Тхакlуэ, Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм щэнхабзэмкIэ щIыхь зиI э и лэжьакIуэ Мэлбахьуэ Елберд Тимборэ и кьуэр щIальхьэнымкIэ комиссэ кьызэрэпэщащ мы кьыкIэлъыкIуэхэр хэту:

Фырэ Р. Б. - Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм щэнхабзэмкIэ и министрыр (комиссэм и унафэщIу)

Вэрокъуэ В. Хь. - Щэнхабзэмкlэ урысей фондым и Къэбэрдей-Балькъэр щIыналъэ къудамэм и тхьэмадэр

Кхъуэлуфэ Хь. Хь. - Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Тхакlуэхэм я союзым и правленэм и тхьэмадэр

Кебеков В. С. - Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Парламентым и депутатыр

Опрышкэ О. Л. - Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Тхакlуэхэм я союзым хэтыр

Пэнагуэ М. А. - Тэрч муниципальнэ районым и щIыпIэ администрацэм и Iэтащхьэр

Рахаев А. И. - Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Парламентым Щэнхабзэмкlэ и комитетым и унафэщIыр

Тхьэзэпль Хь. М. - «Литературная Кабардино-Балкария» журналым и редактор нэхъыщхьэр

Хьэгъэс З. А. - Налшык кьалэ округым и щIыпIэ администрацэм и Iэтащхьэр.

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм и УнафэщIым и кьалэнхэр зыгъэзащIэ
ТХЬЭЗЭПЛЪЫЖ Мурат

Мэлбахьуэ Елберд Тимборэ и кьуэр щIэльхьэнымкIэ правительственнэ комиссэм кьыбгъэдэкIыу

Тхакlуэ, Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм щэнхабзэмкlэ щIыхь зиI э и лэжьакIуэ Мэлбахьуэ Елберд Тимборэ и кьуэм Музыкэ театрым и унэм щIыуплъэжьыщ 2010 гъэм щIышылэм и 12-м сыхьэт 11.00-м

Ди пелуанхэр ягъэлъапIэ

БлэкIа илъесым и нужьрей махуэм Налшык щагъэлъапIащ 2008 гъэм Пекин щекIуэкIа Олимп зэхъэхуэм альадж-урым бэнэкIэмкIэ чемпион щыхъуа Хъущт Асльэнбэчэрэ бэнэкIэ хуитыныкIэ спортсмен нэхъ хьэдэ щIдахэм я дунейпсо чемпион цIэр 2009 гъэм къэзыхьа Махуэ Билалрэ.

ПЕЛУАНХЭМ екъуэхьуну зэIущIэм кьеКIуэлIащ КъБР-м и Президент Къанокъуэ Арсен, республикэм и Парламентым и депутатхэр, КъБР-м и Правительствэм хэтхэр, спортым и лэжьакIуэхэмрэ спортсмен щIэныIуэхэмрэ. Республикэм и Iэтащхьэм жиIащ Хъущт Асльэнбэчэрэ Махуэ Билалрэ блэкIа илъесым екъулIэныгьэ инхэр кьыхэрагъэлъэгъуар. Олимп зэхъэхуэм и чемпион цIэм кьыдэкIуэу, Хъущт Асльэнбэч дунейпсо чемпионатым ещанэ увыпIэр кьыщихьащ. Махуэ Билал Данием щекIуэкIа дунейпсо чемпионатым кьыщыпэщIэта и хьэрхуэрэгъуэм зы очко закъуи фламыхьыфу, пашнагьэр нубыдащ. «Махуэ Билалрэ Хъущт Асльэнбэчэрэ я екъулIэныгьэхэм кьагъэлъагъуэ а щIалэхэм Iэзагъэшхуэ зэрабгъэдэлъыр. Сэ шэч кьытесхьэркъым а щIалэхэм я зэфIэкIыр республикэм спортым зыщегъэужьынымкIэ лъабжьэщIэу зэрыувынум», - жиIащ Президентым.

ДапэкIи екъулIэныгьэщIэхэр кьахьыну, узынщагъэ быдэ я Iэну щIалэхэм екъуэхьури, Къанокъуэ Арсен езым и фондым кьыхэхIыу абыхэм сом мелуан зырыз I-р яхуэупсащ. Ахьшэ тыгъэхэр хуагъэфэщащ спортсмен цIэрыIуэхэм я гъэсакIуэхэу Гаджибеков Алибэч, Кьардэн Анзор сыми.

ЗэIущIм кьрихьэлIа псомиКъанокъуэ Арсен Илъэсыгьэр угъурлы яхуэхьуну, узынщагъэ быдэрэ ефIэкIуэныгьэрэ я Iэну екъуэхьуащ.

Фигу кьэдгъэкIыжьынщ 2008 гъэм Пекин щекIуэкIа Олимп зэхъэхуэм ди къэралым и лыкIуэу хэтахэм я ещанэ дыщэ медалыр Хъущт Асльэнбэч кьыгъэрытхуихьар. Ар Урысейм спортымкIэ щIыхь зиI э и мастерщ. Альадж-урым бэнэкIэмкIэ 2008 гъэм дунейпсо кубокыр кьихьащ, Поддубный Иван и цIэкIэ екIуэкIа дунейпсо зэпеуэм, Европэм и чемпионатым, Испаниемкъэкуэ Гран-При дунейпсо чемпионатым щытекIуащ, 2005, 2006, 2007 гъэхэм Урысейм и чемпионатхэм ныIуI э лыагъэхэр щыубыдащ.

Махуэ Бидад бэнэкIэ хуитыкIэ 2007 гъэм Урысейм и чемпионщ, 2007, 2009 гъэхэм дунейпсо чемпионщ. Ар 2005, 2006 гъэхэм ныбжьыщIэхэм я дунейпсо зэхьэзэхуэхэм щытекIуащ. Гу лыитапхъэщ Махуэ Билал 2005 гъэм дунейпсо зэхьэзэхуэм бэнэкIэ хуитыкIэ дыщэ медаль, альадж-урым бэнэкIэмкIэ жэз медаль кьыгъэрыщIихьам.

Билал и илъесий зэрыкъуэрэ спортым хэтщ. 2007 гъэм ар яп э дыдэу балигъэкъым яхэту Налшык кьалэм утыку кьыщIихащ икIи КъБР-м, Урысейм, США-м я командэ кьыхэхахэм ирагъэкIуэкIа зэхьэзэхуэм щытекIуащ. АдэкIэ абы Дагъыстэм щыщ бэнакIуэ цIэрыIуэ Курамагомедов Курамагомед хигъащIэри, Урысейм и чемпион хьуащ.

Илъэс 22-рэ зи ныбжь Махуэ Билал 2009 гъэм и фокIадэ маузм «Спорт» телеканалым ирагъэкIуэкIа урысейпсо зэпеуэм кьрикIуахэм япкъ иткIэ, Урысейм и спортсмен нэхъыфIу кьалъытащ.

КОНАКОВ Хьэсэн.

Еджакlуэ нэхъыфlхэр Президентым и хьащlэщ

2009 гъэм дыгъэгъазэм и 31-м Правительствэм и Унэм щызэхэтащ Илъэсыщ Iэ пшыхь. Абы Къэбэрдей-Балькъэрым и Президентым иригъэблагъэ республикэм и курыт еджапIэхэм фIы дыдэу щеджэ ныбжьыщIэхэр.

ПШЫХЬЫР кьыщIэзIуихьи, Къанокъуэ Арсен еджакIуэхэм илъэсыщIэмкIэ екъуэхьуащ. Абы кьыхихгъэщащ ди ныбжьыщIэхэм екъулIэныгьэщхьэгъэ урысейпсо утыку зэрыслIэуужьыгьуэхэм кьызэрэщащагъэльэгъуар.

- ФЭ фощIэ щIэблэм щIэныгьэ ягъуэтыным дэ сыт хуэдиз гулыIэ хуэтщIми, Сыт хуэдэ зэманми щIалэгъуалэращ цIыхубэм и гуГапIэр. ПIалъэ кIэщIым кьируубыдэу фи щIэныгьэми, фи зэфIэкIми республикэр хуэныкьуэнущ. Фэращ ди щIыналъэм зезыгьэужьынур, - жиIащ Президентым.

Къанокъуэ Арсен ныбжьыщIэхэр кьыхуриджащ егупсысауэ Iэщ Iагъэр кьыхахьыни икIи абы Iэкlуэльакlуэ зыхуащIыным, Къэбэрдей-Балькъэрыр фIыуэ я лъагъуным.

- Мыхьэнэшхуэ илъесий 63-рэ зэрырикъум и щIыхь зиI э щIдахэ, зи махуэр зыгъэльапIэхэм абы фIыщIэ яхуищIащ.

Меркулов Александр КъБР-м и Правительствэм и

Меркулов Александр КъБР-м и Правительствэм и Прокураторэм щекIуэкIащ. **Республикэм и прокурор Жариков Олег зэхьыхьэ кьыхэIуихри, илъэс 288-рэ зэрырихьур зыгъэльапIэ Урысей прокураторым и тхыдэм. 2009 гъэм кърикIуахэм кIэщIу тепсэлъыхьащ, и лэжьагъуэм екъуэхьуащ.**

КъБР-м и Президентымрэ Правительствэмрэ къьбгъэдэкIыу прокураторым и лэжьакIуэхэм псалъэ гуапэхэмкIэ захуигъэзащ КъБР-м и Правительствэм и Унафэщ **Меркулов Александр**. Я Iэнатlэм мыхьэнэшхуэ зэриIэр къыхигъэщри, зи махуэр зыгъэльапIэхэм абы фIыщIэ яхуищIащ.

Меркулов Александр КъБР-м и Правительствэм и Щlыхь тхылъхэр яритащ Прохладнэ къалэм и прокурор **Антышев Алексей**, КъБР-м и прокуроры и дэIэпыкъуэгъу нэхъыжь **Мырзэкан Лиуан** , прокураторым и къудамэм и унафэщI **Туменов Эльдар** сымэ.

ГуфIэгъуэ зэIущIэм кьрихьэлIащ икIи кьыщхъуэсахэм псалъэ гуапэхэмкIэ зыхуагъэзащ КъБР-м и Парламентым и Унафэщ **Чеченов Ануар**, республикэ прокураторэм Следствиемкlэ и комитетым и унафэщI **Устэ Валерэ** , Наркотикхэм ебэныныкIэ управленэр КъБР-м щыIэм и унафэщI **Кульбаев Руслан** сымэ. Абыхэм лэжьакIуэхэм фIыщIэ хуащIащ я къалэнхэр жэуаплныгьэр зыхащIэу зэрырахьэкIым, республикэ прокураторэр Ипщэ щIыналъэм щыIэ-хъыфIхэм зэрыхабжэм папщIэ.

АдэкIэ прокурор Жариков Олег УФ-м, КъБР-м я прокуратурэхэм я дамыгъэхэр, сагъэтхэр, фIыщIэ тхылъхэр республикэ, къалэ, районым прокураторэхэм я лэжьакIуэ нэхъыфIхэм яритащ.

УФ-м и прокурор **Чайкэ Юрий** и унафэкIэ «Урысей Федерацэм и прокураторым щIыхь зиI э и лэжьакIуэ» бгъэхэIу дамыгъэр ахьшэ сагъэт щIыгъуу ирагащ республикэ прокурорым и яп кьудэзэ, юстицэм и чэнджэщэгъу нэхъыжь **Жекеев Алахьберды**, «Прокураторым и ветеран» медалыр хуагъэфэщащ Бахьсэн кьалэм и прокурор **Кьаскъул ФуIэд**, «Хабзэм зэрыкъуэпжьым папщIэ» дамыгъэм и 1-нэ нагьыщэр КъБР-м и прокурорым учетымкIэ, статистикэмрэ правовой кьызэгъэпэщынгьэмкIэ и дэIэпыкъуэгъу нэхъыжь **Хаджиевэ ФатIимэт**, Бахьсэн районым и прокурорр**Кьарэмырзэ Кьазбэч** 3-нэ нагьыщэр хуагъэфэщащ.

Гулъытэншэу кьагъэнакьым нобэ щIэблэм я щIапхъэ, чэнджэщэгъу пэжжэу прокураторым зэрыкъуэдэщIэ щIилъжьа пщIэ зиI э ветеранхэри.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

Унагьуэ щIэхэм я псэукIэр йофIакIуэ

2008-2009 гъэхэм Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм щыщ унагьуэ щIэхэм къэрал дэIэпыкъуныгъэ етынымкIэ программэр гъэзэщIэным хиубыдэу я псэуплIэхэр ирагъэфIэкIуащ унагьуэ 748-м.

«ПСЭУПIэ» федеральнэ программэ хэхам «Унагьуэ щIэхэм папщIэ псэупIэ» и программмэ кьызэдэщIэ зэрагъэзащIэ илъэситIым къриубыдэу республикэм щыщ унагьуэ 521-м псэупIэхэр кьащIэхуащ е ящхуащ. Кьуэжьэм дэс Iэщ Iагъэм I ныбжьыщIэу 227-м я псэупIэхэр зэрырагъэфIэкIуэну сертификатхэр ирагащ «2012 гъэм нэсыху кьуажэм игъуэтыну социальнэ зыужьынымгъэр» программэм хнубыдэу.

КъБР-м и Президентымрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхуэщ Iапl эмрэ.

Щlыуэпсыр хъумэным теухуа программэхэр

КъБР-м Дыкъэзыуухъуреихь дунейр хъумэнымрэ щIыуэпсыр кьэгъэсэбэпныныкIэ и министерствэм и жэрдэмкIэ 2009 гъэм республикэм и районхэм ящыщу 4-м щIыуэпсыр хъумэным хуэгъэзэ программэхэр кьащтащ. Май, Прохладнэ, Псэкэн, Шэрэдж районхэм мы зэманым щагъэзащIэ а программэхэм хиубыдэу лэжьыгъэшхэу ирагъэкIуэкI щIыуэпсым зэусакъыу гъэсэным хуэунэтIауэ.

**

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

● Текlуэныгъэ-65

А лъэхъэнэ гугъум

Нэмыцэ фашист зэрыпсхъуакlуэхэр Сэлинград и деж щыхагъэщlа ижь, ди дзэхэм Iэмалыфlхэр къахукъуэкlыщ. Хабзэм щебгъэрыкlуэну.

ИПЩЭ фронтым и армитIым, ДонкIэ къыщежьэу, Ростов дэж щыдгъэбыдэн хуейт, бийр зэрикlуэтыжьыну гъэзэгур зэхуащlу. Адрей армитIым и къаэзнт Сальск къыщежьэу Тихорецк ирегъэпсlуэну. Абыхэм Краснодар пlэнныкъуэмкlэ къащlыдзlэпыкъуэн хуейт Кавказ щlыб фронтым и къаэр нэхъыщхьэхэр. Зэрыттъаръущи, псори зыхуэгъэзагъэ Кавказ Ищхьэрэм изэрыгуэ фашистыдзэр къыщежьымыIэу къэуухъуреихьыныр. ЖыIпэну ирикъунщ щIыналъэм нэмыщхэм я лъэсырыкlуэдзэхэм я процент 9-р, танкхэм я процент 16-м щигъур зэрыщыIар. Апхуэдэу щыщыкlэ, ахэр зэхэкъутэным и мыхьэнэр къыпхуэмылъытэным хуэдизу ин дыдэт.

Дыгъэгъазэм и 25-м Ставкэм щекlуэкlа зэIуащIэм а псом и унафэ щIидзат. Арпхуэдизу щыщыкlэ, ахэр зэхэкъутэным и мыхьэнэр къыпхуэмылъытэным хуэдизу ин дыдэт.

Дыгъэгъазэм и 25-м Ставкэм щекlуэкlа зэIуащIэм а псом и унафэ щIидзат. Арпхуэдизу щыщыкlэ, ахэр зэхэкъутэным и мыхьэнэр къыпхуэмылъытэным хуэдизу ин дыдэт.

Адыгэ псалъэ

Адыгэ псалъэ

Адыгэ псалъэ

ФиIэхуклI гъащIэр егъэзыплIэу, Фыпсэу, пщIэ хуэфщIу мы дунейм

ТхакIуэ цIэрыIуэ Къагъырмэс Борис Хьид и къуэр илъэс 75-рэ ирокъу



Къэбэрдей усакIуэ цIэрыIуэ Къагъырмэс Борис и ныб жьыр илъэс 75-рэ хъуащ. УсакIуэм и кIалэмыпэм къыщIэкIащ абы и пщIэр лъагэ зыдэ хъуа тхыгъэ зэращIафIэ куэд.

Къагъырмэс Борис Хьид и къуэр Iэскэн ЕтIуанэ къуажэм 1935 гъэм щIышылэ мазэм и 6-м къыщыхъуащ. Къэбэрдей-Балъкъэр къэрат университетыр диплом итыжькIэ кынуха ноужь, егъэджакIуэ IэщIагъэм ирилэжащ, 1960 - 1961 гъэхэм Комсомол школ нэхъыщхьэм щеджащ, абы и ужькIэ «Советская молодежь», «Ленин гъуэгу» газетхэм цыхьэжащ, нобэ «Iуащхьэмахуэ» журналым и худакъуэм и упафэщIу.

Къагъырмэсым и ипэ уэ тхылъыр («ФIэхъуж апщий!») 1962 гъэм къыдэкIащ. Абы къыкIэлъыкIуащ Борис и тхыгъэхэр щыхэзыхьэса тхылъ 25-рэ - «ГъащIэ лъэужьхэр», «ПIэщIыгъуэ уардэ», «Махуэщ», «Гуапагъэ», «Вагъуэбзэ», «Щыхьэт», «Гупыж», нэгъуэщIхэри.

Къагъырмэс Борис Къэбэрдей-Балъкъэрым щэнхабзэмкIэ щыхьэ зиIэ и гъэкьабгъуэ, КъБАССР-м и комсомолым и саугъэтым и лауреатщ, ЩIэныгъэхэмкIэ Дунейпсо Адыгэ Академием и член-корреспондентщ. Дунейпсо Литературэм и пащхьэм щIэ фIыщIэм папщIэ Къагъырмэсым къратащ КъБАССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Щыхь тхылъыр.

Гуимыхуж ящI

Сэ фIыуэ сощIэ, Борис; уэ щыхъу гъащIэр кьыхэрубжыр илъэс бжыгъэкъым, атIэ зэфIагъэкIа и Iуэхущафэхэрщ, и лэжьыгъэр, абыкIэ уи Iуэху зэпэщIу уэ. Сыт щыгъуи пщIэнтIэпсыр епкъуэкIыу уолажьэ, зым дежьиу дыхэнмыс нэгъуэщI тхылъыщIэхэр къыщIогъэльэлу.

ДЭНЭ КЪИПХРЭ а птхы къомыр? «ФIэхъуж апщий» жыпIэу кьыхэрыщIэбдза уи яп тхылъым къыщежьауэ мыдрей къомым лъагъунигъэм кIыхькIэIимычу зы яхэмыту щIыхубзхэм тхъэ щIауэж. АтIэ, Борис, апхуэдиз лъагъунигъэ упкърыту илъэс 75-р дауэ къыпIэпэщыж?! Щыхэр зэхъуапсэм хуэдэу урихьэлIащ нобэрей ныбжьым. Сэ куэд щIауэ узощIыхьри, уи фэкIэ зэрызыпхъужа щIаIуэ сльагъурбгъым, жыигъэ лъэпкъ къыпIэIэсауэ схужыIэнукъым.

Къагъырмэс Борис ящыщщ зи тхыгъэхэмкIи зи дуней тетыкIэмкIи хабзэншагъэр, мыхъумыщIагъэр зи гум темыкIыу Iуэхугъуэ кьиIэтыпхуэ хуэIэкIуэ зэфIекъэкIыф. Къагъырмэсым и рассказхэм куэдым урагъэгупсыс, куэди уигу кьагъэжI.

Кьыжьыбэн хуейщ Борис бзэм зэрызэрыIэпсэрыуэр. Абы кьеГуэтыф гум кьинэж зэгъэпщэныгъэхэр, образыфIэр еухуэ. Абы кьыхэжIкIэ дызэрэр наIуэу ди нэгу кьыщIоувэ. Мис щапхъэ зэр: «Ушъхь лъэдийхэр, чы гуэрэн Iувым хуэдэ у, щхьэгъубжэм кьыIуГтI», «Куэд дэмыкIыу къэхьугъэкIащ, пшэкэр сварэ кIыщ хуэдэу,...»

Къагъырмэсым и тхэкIэм и нэщэнэхэр уольагъу: цIыхум и гъащIэр сакIыу къэхутэн, абы и гум щыщIэ зэр, гурыгъэгурыщIэхэр зэпэрыхьхьн, зыгъэпсэлъыхь Iуэхуэхэм бзэр тэмэму хуэузэщIауэ, егъэлеяныгъэ кьмыту къэгъэсэбэпын. НэщэнэфIщ аращ.

ЩОКЪУИЙ Къадир,
критик.

МурадыщIэхэм хуоплъэ

Къагъырмэс Борис илъэс куэд хьуауэ матхэ, абы ещхьыр и лъагъуэ щыпхишащ поэзием, ерыщу, къэувыIэ имыщIэу а лъагъэм ирокIуэ. Тхылъ мащIэ кьыдигъэкIакъым Къагъырмэсым. Абы и зэчийм нэхъ къигъэIурыщIэфыр игъащIэ лъандэрэ усакIуэ псори зытетхыхь темэхэм езым и бгъэдыхьэкIэ кьыщыхуигъуэтыж усэхэщ. Тэ зи зэрыщIидзэрэ Борис хущIокъу и псэр тхылъеджэм зэрыхуэзIуихьым. Дзыхь апхуэдэу зыхуищI тхылъеджэми и дзыхь усакIуэми кьрегъэзэщIк, араш абы и тхыгъэщIэхэр бламыгъэкIыу щIаджэкIыну щIыхуейр, ящIэ ахэр узрэщэрэгъу узытемызашэ зэрахуэхъунур.

БОРИС зых уэгъэр, зыхуэдэсэр кууу зыгъэпIейтей, псэкIэ игГъэв Iуэхугъэхэу езыр щIипсэу зэманым, езым и гъащIэм нэхь пэгъунэгъуэхэрщ. Арагъэнщ Къагъырмэсым и тхыгъэ нэхъыфIхэр и лъэхъэнэгъуэхэм кьыщIидзыгъри. Тхэн зэрыщIидзэри, Борис зыIэпешэ гражданскэ лирикэм, и ныбжьэгъу тхакIуэхэм нэхърэ нэхъыбэри ар поджэж нобэрей гъащIэм кьиIэт Iуэхугъуэхэм. Ар тынш-кьым. Хэти зэрыщIэщи, иджыпсту екIуэкI кьэхъуькащIэхэм утетхыхьыну хуабжьу гугъущ, ауэ си ныбжьэгъу абы тогушхэу. Ар СССР-у щытам и щIыпIэ куэдым щыIащ, абыхэм щыпсэу цIыхухэм я гъащIэм, лэжьыгъэм щыгъуазэ зэхуищIу.

Къагъырмэсым и лирическэ лIыхъужьыр псэмыгъэпсэхуэщ, зэманым кьыдекIуэкI Iуэхугъуэ псори жану зыхъэзыщIэ щIыхуащ. Абы тхылъеджэхэр дехьэх и захуагъэкIэ, хьэрэлыгъэкIэ, щIыхугъэкIэ.

Гурыхьщ, щэщыгъэ зщ Борис и сатирическэ усэ кIыщIохэри. Iыщ Iэм узыщрихьлIэ Iуэхугъуэ зэмылIэужьыгъуэ куэд лъабжьэ яхуохьу абыхэм. УсакIуэм гущыкI зыхуищIым тхылъеджэм игури щегъэжI, ауан ищIым ар щIегъэнакIэ, зыщIыкьэщхьым щегъэдыхьэщх. Апхуэдэ усэхэр ярытщ абы и тхылъ псоми.

Къагъырмэсыр, ящхэмэ хуэдэ у, поэзием щыпхишащ Гъэуэгу тэмэмым тетщ, ноби иурэ и щхьэрэ зэхэтлу, мурадыщIэ зи ящ зэлIэу.

ТХЬЭГЪЭЗИТ Зубер,
Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубз усакIуэ.

Париж. Франджы тхакIуэ цIэрыIуэ Оноре де Бальзак и музейм деж. *2001 гъэ*

Борисрэ ипхъу Светланэрэ.

Езым и хъэтI

Къэбэрдей поэзиер нэгу кьыщIэгъэхьэгъэнщ Къагъырмэс Борис и Iэдакъэщ1экIэхэр хэмыту. Ди лъэпкъ литературэм абы ушIэ щхьэхуэ щIигъэщ. Зыр адрейм емыщхьу, пльыфабзу зэхуэхуэна адыгэ усыгъэр абы и тхыльхэм нэхъри дахэ, къулей ящI. Борис и тхыгъэхэр, и уиэщ щIимыдзми, нэгъуэщIхэм яйм тыншу къаухищIыхукIыфынущ. Сыту жыпIэмэ зыгъэзыщIхьыну ар хуэтхым, езым и хъэтI, и макъ и Iэмэ, нэхъ кьеIэту.

ТХЭН зэрыщIидзэрэ усакIуэр тетщ езым пхишажа лъагъуэм. А лъагъуэр цIыкIуу къежьами, иджы ин, бгъуэ хьауад. Хуэм-хуэмурэ зашэщIащ абы и усэхэм, дамэ ягъэуэри, утыкуIухуэ ихьащ. Сыщыуэми сщIэркъым, ауэ мыбледжьм Къагъырмэсым и тхыгъэхэм сигу кьагъэкIа си зы гупсысэ жысIэну сыхуейт. Дэ тхакIуэ куэд диIэщ нэхъ пасэIуэу, илъэс 30 - 40-м щит зэманым, ятхам ириуэрыкIуу, иужькIэ я Iэдакъэ кьыщIэкIахэр щIагъуэу къемыхьуIIауэ. Борис апхуэдэкъым. КIуэтэхуэкIэ абы и усыгъэхэр нэхъ дьэщ, нэхъыфI, хьууэ кьысфIощI. Абы кьикIыраIщ: усакIуэр щхьэх, еш имыIэу мэлажьэ, сэ псори схуэзфIэкI, псори сощIэ жимыIэу. Зэпымыуэ щIэ кьелыхьуэ икIи кьегъуэт.

Борис и творчествэр жьлейщ. Абы и Iэдакъэщ1экIэхэм щIагъуэз зыпщIа нэужь, уогупсыс: ярэби, сыт хуэдэ Iуэхугъуэу пIэрэ усакIуэм игъэнэхъапэр, нэхъыбэу зи щхьэфэ иIэбэр, нэхъ кьехъуIэр, жыпIэу. Къагъырмэсым темэ куэдым зрепщIат. Абы и усыгъэхэр теуауэщ Хэкум, анэм, зауэ екIуэкIам, пэжьигъэм, ныбжьэгъугъэм, лъагъуныгъэм, гъащIэм зыщрихьэлIэ мыхъумыщIагъэхэм... НэгъэщIу жыпIэмэ, гъащIэм сыт кьыщIыхьуми, усакIуэр абы хуэдэгу-хуэнфу щысыфынукъым. Тысынурэ кьехьэкI-нехьэкI хэмылIу, и гум кьыщхьыдыкIыр итхынущ.

ЩыIэщ усакIуэ, и хьэл-щэныр, и Iуэхущафэр, и дуней тетыкIэр кьэпщIа нэужь, уи гур бгъэдэкIуэту. И гум илъыр зыуэ, жиIэр нэгъуэщIу. Борис ящыщкъым зи Iуэху енлыкIэр, зи гупсысэр зыгъэпщкIуэм. Пэжыращ абы и гъуазэр. Борис и тхыгъэхэм гупсысэ куум уэхэзыдзи, дамэ кьыпткIам хуэдэу, дэрэжэгъуэ къэзыти, уи нэпс къезыIакIуи, узыгъэдыхьэшхэ куэду хэтщ. Абы и усэхэм мымащIэу яхэтщ философие кууКIэ, образ гъэщIэгъуэнкIэ гъэнщIа, утемыукIытыхьу Щолджэнщ1ыкIу Алий, КIыщокIуэ Алим сымэ я тхыгъэхэм ябгъуэпIлъхьэ хъуну. Псалъэм папщIэ, «Макъ», «Сабигитуэ», «Паганини», «Щэджагъуэ», «Вагъуэбзэ», «Сыт кьыщыслъыхьуэр сэ мы щIым», нэгъуэщIхэри.

«Макъыр» анэм теухуащ. Анэм хуэмыуса усакIуэ щыIэу кьыщIэкIынкьым, ауэ Борис и уэзр адрейхэм зэремыщIхьымкIэ уигу кьоногъ. УсакIуэм пленкэм тритхат и анэм и макъыр. И анэр дунейм екъыжьзыкъом дэкIа нэужь, пленкэр кьещIэри и анэм и псалъэжэм йодаIуэ. ФIощI ар псэуэу.

АращхьэкIэ пленкэр еухри:

«СыкIуэщи пщIантIэмкIэ сыпльэщ,
Ехуэ зыгуэрым си тэмакъыр», - жеIэ.

ЗэримыIэжьыр ищI0 пэтми, усакIуэм кьыщохьу, япэхэми хуэдэу, ар пщIантIэм рэщащ1эу дэту щильагъуну. Къагъырмэсым и усэмкIэ кьегъэльагъуэ анэр зыхуэдэр кьыщыпщIэр ар ущимыIэжьм дежу зэрыщытыр.

Уи Iэщ1агъэр, уи гъащIэр щхьэуэзыхь зыхуэпщIа Iуэхуэр фIыуэ пльагъумэ, талант уи Iэмэ, зэран кьыпхуэзыхуфыпи щыIэкъым. А гупсысэр щынэрыльагъущ «Паганини» усэ тельыджэм.

Кудым урегъэгупсыс: «ЗауэлIым и псальэ» усэми, «СолIэр сэ, си щIэ кьудеи кьытезэфыркьым дунейм», - щыжеIэ а усэм. Апхуэдэ дапщэ щыIэ я гъащIэр Хэкум щхьэзыхьх хуащIауэ, ауэ я щIэ кьудейри, я псэр щата щыпIэри дымыщIэу? Дапщэ щыIэ тщыгъупщэжауэ?

«Вагъуэбзэ» усэ цыкIури IэгъашIуэ хэлъу тхащ. Щыхум я гум унэсу утхэну, зэи мылIэжьи тхыгъэ кьыззбнэкIыну гугъуп. Пушкин, Лермонтов сымэ хуэдэу тхэфыну кудым я гугъущ. Ауэ Борис и усэм щIагъыбзэкIэ зэрыщыжиIэши, апхуэдэ щыхушхуэхэм уалъэщIыхьэн, «ватъуэхэм я бзэр пщIэным папщIэ, уваГъэн хуейщ уэ езыр». КIэщIу жыпIэмэ, апхуэдэ льагапIэм ущIэхъуэпсу улъэжьн хуейщ.

Сабинигъуэ... Сабинигъуэр гукъэкIыж дахэу яIэщ цIыху кудым. УсакIуэхэми ар Iэдэжэрэ фIыкIэ ягу кьагъэкIыж. Ауэ Къагъырмэсыр абы зэрытепсэлъыхьыр нэгъэщIущ. Абы и сабинигъуэр зауэм, гъаблэм, мэжэщIалIагъэм ирихьэлIащ:

Жэщкъэ уэгум сипльэм,
мазэ кьаблэр
СфIэщIт мэжаджэ хьууэ
кьехуэхьи.

Куэдым урагъэгупсыс а сатиритIым. Сабинй мэжалIэм и щытыкIэр абы изхэрэ иэхьыфIу пхужьIэн усэбгъэкIэ?

Борис жанр зыбжанэм IэкIуэлIакIуэу щолажьэ. Псом хуэмыдэу гунэс пщохьу абы и баснэжр, сатирическэ усэхэр. Абыхэм кьаруушхуэ ящIэлъщ, «Кьобэнамэ зы хьэ закъуэ, хьипщI кьожэнущ, умысакъым», - жеIэ усакIуэм. Зыгуэрым хуэгэн ущIыну уи ужь кьихьамэ, псом хуэмыдэу ар лъэкIыныгъэ зиIэ гуэру щытмэ, пщIы зэуэ кьожэнущ нагъэуэлъиину - абыхэм яхэтщ кьофыгъуи, а зыIэкъым гу кьысльитэну пIэрэ жызыIи...

«Сыт кьыщислъыхьуэр сэ мы щIым?» - щыщIоупщIэ Къагъырмэсыр и тхыгъэхэм ящыщ1ым. Куэд щIауэ лIыпIэ нува, зи поэзиер гъуэгуанэщхуэ техьа усакIуэм кьелъкIыгъуэ щIыхур щIым щытетым, ар щIэпсэуи и мыхьэнэм я жэуапыр - Iейм1эр фIымрэ зэгъэусэу гъащIэм кьыщыззогъуэгурыкIуэ икIи а фIыр Iейм нэхърэ зэрыщэхь льэшыр, упсэуэхькIэ фIы пщIэн зэрыхуейр Борис и творчествэм и кIыхьагъкIэ кIуэцIрокI.

МЫЗ Ахьмэд,
тхакIуэ.

Цыхур зыпэплъэ макъ

Тхыльеджэ хэр куэд щIауэ щыгъуазэщ Къагъырмэс Борис и усэхэм, рассказхэм, пародиехэм, рассказ кIэщIхэм. Абы и тхыль куэд дунейм кьытехьащ. Къагъырмэсыр сытым тепсэлъыхьыми, и Iэдакъэщ1экIэхэм я купщIэ нэхъыщхьэр щыхуэ щIэщIыгъуэ Iуэхугъуэхэрщ, щыхум и гурыгъу-гурыщIхэр, и гупсысэгъэщIэрщ, Зэманым и пщIэнтIэ щыгъуэ, зэманым и щIэныгъэхэмкIэ Дунейпсо Адыгэ Академием и член-корреспондентщ.

Ди литературэм и пащхьэм щIэ фIыщIэм папщIэ Къагъырмэсым къратащ КъБАССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Щыхь тхылъыр.

БОРИС и прозэ тхылъэм интщ езыр куэд щIауэ дэзыхьэх, ди литературэм щIэуэ къыхихьна рассказ кIэщIхэр. Абыхэм щIагъыбзэкIэ е зэгъэпщэныгъэ щэрыуэкIэ гупсысэ пыухыкIа кьаГуатэ. Тхыгъэхэм укъеджэн буха ноужьи яхэлъ гупсысэр нухырыкьым, уи якъыпIар адэкIи куэдым хуагъакIуэ. Апхуэдэщ, псалъэм папщIэ, «Зегьэщ1агъуэ» рассказыр. Ар зэрыхьэр зы сатырщ: «Удэм зегьэщ1агъуэ, гъущI Iунэ Iэджэм сатеIуэщ», жеIэри. Авторым «Пэж» зыфIища рассказ кIэщIыр зэрыхьэр напэкIуэцI иримыкъущ. Ауэ жиIэну зыхуэфащIэщIыгъуэу, гум кьинэжу кьеIуатэ. Рассказыр зытеуэрэ гъэнэгу пIыжьым кьиIуэтэжа пщIыхьэпIэрщ. Ар кьудамэ куэд зытет жыгым дэкIуеину хуежььат. Ауэ нубыд кьудамэхэр кьыгуэщIыкIыурэ, адрейм дэпхъуеин ящI хьурт.

Ари кьыгуэщIыкIыртри, адэкIэ Iэбэрт. Апхуэдэуэрэ зы кьудамэ быдэ кьыIэрохьэри, абы кьрегъэI. Ар - Iэрэбэрт. Щым техуа кьудамэхэм, псэущхьэ щынагъуэ хьуауэ, жьыг щIагъым кьыщIажьхьырт. Ахэр уагъэтьапэрапэмэ, Iей ухуэзэмэ, зыфIэфI, зэи гъусэ пщIы мыхъуну Iуэхугъуэ хэрщ. Хьэрэмыгъэр, фыгъуэнэдыльэр, пщIыр, бзэгу зехьэныр - ахэрщ автор-ым зи гугъу ищIыр.

ЗэрыгурыIуэгъуэщи, куэдрэ ямыгъэныщкIуа гупсысэ е Iуэхугъуэ гуэр тхыгъэ кIэщIкIэ щIэныгъуэ гугъуп. Ауэ Къагъырмэсым и псэтьэкIэм, кьигъэсэбэп Iэмалхэм, зэгъэпэщынытъэхэм я фIыгъэкIэ рассказ кIэщIхэм я мыхьэнэр, я купщIэр къэIуэта мэхъыри, Iуэхугъуэ пыухыкIам ухуеГъэщ.

БРАЙ Адэлбий.
2000 гъэ.

Нэ жанкIэ хоплъэ

Къагъырмэс Борис и рассказхэр, усэхэр, гушыIэхэр, ауан-пародиехэр, жыIэгъуэхэр, басняхэр пкъыдI0, жан ящI кIэщIу, зэщIэкъуауэ, лей хэмылъу, адыгэбзэм и кьулеягъэм хуэзэрыхуэу кьыззригъэIурыщIэфым.

АР ЗЭРЫIАР, дауи, езым мычэму кьыпльхьуэр икIи кьитIуэт IэмалышIэхэмрэ хабзэщIэкэмрэщ, сытым и дежи усакIуэр псальэм и лъхьуакIуэу зэрыщытырщ, и зэхэщIыкIымрэ и Iэкlуэпсакlуагъэмрэ кIуэ пэ тми зэрыхигъахьэрщ, гъащIэм нэ жанкIэ зэрыхэпIэрщ.

Борис сыт хуэдэ Iуэхугъуэм т етхьыкIи, зэгъэкIуаеу, щэрыуэу усэбзэ дахэкIэ зыхуейр кьеIуэтэф. Щэч хэмытыу, мыбдеж жыпIэ хъунущ и усыгъэ зэхэлъхьэкIэмкIэ Къагъырмэсым ди лъэпкъ усакIуэзэщхэм - КIыщокъуэ Алим нэхъ кьыщIихуаэ, абы щапхъэ кьытрихаэ.

Къагъырмэс Борис и усэ гъуэзэдкэ куэдым композиторхэм макъамэ дахэ щIалъхьауэ уэрэду жаIэ.

АПЭЖЫХЬ Алий.

Адыгэ, балъкъэр, урыс тхакIуэ, журналист гупым яхэту. *1985 гъэ, гъатхэпэ мазэ*

Ди усакIуэ цIэрыIуэ Къагъырмэс Борис зэрыс-цIыхурэ илъэс щэ ныкъуэм щIигъуащ. Абы лъандэрэ си ныбжьэгъуэм литературэм щIэ илъэлIныгъэхэм сыкIэпIолъ, и тхыгъэ гъэтхэм, журналхэм щытехуэхэм, къыдигъэкI тхылъхэм семыджэу зэи къэзгъанэркъым.

1954 - 1959 гъэхэм Борисрэ сэрэ ди университетым дыщыязэдеджащ. А лъэхъэнэрщ абы и япэ тхыгъэхэр дунейм къытехьэу щыхуежьар. Къагъырмэсыр тхэн щIэзыдза ныбжьыщIэ нэхъ къыхэжаныкIахэм ящыщт. Ар фIы дыдэуи еджэрт, университет гъащIэм хэтт.

А гъэхэм щыщыщIэдзауэ си фIэщ хъурт Борис усакIуэ Iэзэ, лъэпкъ псом къащIэн творчествэ зиIэ къызэрыхэ-гукъэкIыж дахэу яIэщ цIыху кудым. УсакIуэхэми ар Iэдэжэрэ фIыкIэ ягу кьагъэкIыж. Ауэ Къагъырмэсыр абы зэрытепсэлъыхьыр нэгъэщIущ. Абы и сабинигъуэр зауэм, гъаблэм, мэжэщIалIагъэм ирихьэлIащ:

Жэщкъэ уэгум сипльэм,
мазэ кьаблэр
СфIэщIт мэжаджэ хьууэ
кьехуэхьи.

Куэдым урагъэгупсыс а сатиритIым. Сабинй мэжалIэм и щытыкIэр абы изхэрэ иэхьыфIу пхужьIэн усэбгъэкIэ?

Борис жанр зыбжанэм IэкIуэлIакIуэу щолажьэ. Псом хуэмыдэу гунэс пщохьу абы и баснэжр, сатирическэ усэхэр. Абыхэм кьаруушхуэ ящIэлъщ, «Кьобэнамэ зы хьэ закъуэ, хьипщI кьожэнущ, умысакъым», - жеIэ усакIуэм. Зыгуэрым хуэгэн ущIыну уи ужь кьихьамэ, псом хуэмыдэу ар лъэкIыныгъэ зиIэ гуэру щытмэ, пщIы зэуэ кьожэнущ нагъэуэлъиину - абыхэм яхэтщ кьофыгъуи, а зыIэкъым гу кьысльитэну пIэрэ жызыIи...

«Сыт кьыщислъыхьуэр сэ мы щIым?» - щыщIоупщIэ Къагъырмэсыр и тхыгъэхэм ящыщ1ым. Куэд щIауэ лIыпIэ нува, зи поэзиер гъуэгуанэщхуэ техьа усакIуэм кьелъкIыгъуэ щIыхур щIым щытетым, ар щIэпсэуи и мыхьэнэм я жэуапыр - Iейм1эр фIымрэ зэгъэусэу гъащIэм кьыщыззогъуэгурыкIуэ икIи а фIыр Iейм нэхърэ зэрыщэхь льэшыр, упсэуэхькIэ фIы пщIэн зэрыхуейр Борис и творчествэм и кIыхьагъкIэ кIуэцIрокI.

МЫЗ Ахьмэд,
тхакIуэ.

Сыт щыгъуи

Къэбэрдей-Балъкъэрым и ныб жьэрэгъуфIщ, абы хуэфащэ псальэ гуапэ куэд кьыпхуэгъэхьунущ. Пасэу теуваи ар тхэн Iэщ1агъэр кьыхэзыхахэм я гъэугуанэ гугъуэ, ерыщу пэщIэташ лъэпощхьэпо, гъэунэхуныгъэ куэдым икIи, а псори кьыззриIэфIри, илъэс 75 ныбжьым нэсащ. Нэсаш, творческэ ехьулIэныгъэ куэд зыIэригъэхьауэ, и псальэр щIыхубзм кьэштауэ, нэгъуэщI хэкуэхэм нэсауэ. Щыхубзым хуэдэ ныбжьыщIэ зэи псы-хэкIуадэ хъуркьым. Араш щIыхуэхэм абы и гъащIэ гъэунэхуныгъэм и зы кьэгъэныпIэ илъэс 75-р яну щIидаIэтыр, щIагъэльапIэр. А гуфIэгъэуэм абы и ныбжьэгъу нэхъ щIалэхэрэ дыхэтщ.

ГъЭУГу тэмэм дытеувэн папщIэ, дэ Борис ч1энджэщыфI куэд кьыдитащ. Ар кьыддэIэпыкъурт ди тхыгъэхэр газетхэм, радиом щыпхьгъэкIыныжмкIэ, дэ ар зэи зэщыдгъэгъэупщIркъым. Ноби Къагъырмэсыр быдэу япыщIащ усакIуэ, тхакIуэ ныбжьыщIэхэм, абыхэм я Iуэху зэрыщIгъэкIыным сыт щыгъуи и ужь итщ. Араш ди тхакIуэхэм - нэхъыжьхэмэ нэхъыщIэхэмэ Къагъырмэсым псальэфI куэд щыхуежьэр икIи ар абы кьилэжьащ и тхыгъэхэмкIи и дуней тетыкIэмкIи.

Къагъырмэс Борис адыгэ, урыс литературэхэм кууу я хэзыщIыкI, бзэхэр фIы дыдэу зыщIэ щыхуэ. Ар зэи, рассказхэм нэмыщI, абы и Iэ дакъэ кьыщIэкащ адыгэ, балъкъэр, нэгъуэщI лъэпкъ кудмэ я у сакIуэхэм, проэз зытхэ зи я творчествэм теухуа статьяхэр, рецензэхэр, эссехэр, адыгэбзэкIэ зэридзэкIащ абыхэм я тхыгъэ куэд.

Борис мы зэманмэ жыжьэрэу мэлажьэ лъагапIэщIэхэр и пльапIэу. Сэ Къагъырмэсым соху зхэу и мурадхэр кьехъулIэну, езыри и унаГъэрэ куэдрэ зэуынымэ.

Си тхыгъэр сыухыну сыхуейт мыпхуэдэ хьабгарид: 2004 гъэм щыщхьэм тхакIуэ, усакIуэ Iэзэ Къагъырмэс Борис ЩIэныгъэхэмкIэ Дунейпсо Адыгэ Академием и член-корреспондент хахащ. Хуэфащэщ а щIэ лъапIэр Борис.

ТХЬЭЗЭЗПЛЬ Хьэсэн,
усакIуэ,
«Литературная Кабардино-Балкария» журналым и редактор нэхъыщхьэ.

Абы хуэфащэ псальэ

Къагъырмэс Борис ди щынэхьыжьщ, ди ныбжьэгъуфIщ, абы хуэфащэ псальэ гуапэ куэд кьыпхуэгъэхьунущ. Пасэу теуваи ар тхэн Iэщ1агъэр кьыхэзыхахэм я гъэугуанэ гугъуэ, ерыщу пэщIэташ лъэпощхьэпо, гъэунэхуныгъэ куэдым икIи, а псори кьыззриIэфIри, илъэс 75 ныбжьым нэсащ. Нэсаш, творческэ ехьулIэныгъэ куэд зыIэригъэхьауэ, и псальэр щIыхубзм кьэштауэ, нэгъуэщI хэкуэхэм нэсауэ. Щыхубзым хуэдэ ныбжьыщIэ зэи псы-хэкIуадэ хъуркьым. Араш щIыхуэхэм абы и гъащIэ гъэунэхуныгъэм и зы кьэгъэныпIэ илъэс 75-р яну щIидаIэтыр, щIагъэльапIэр. А гуфIэгъэуэм абы и ныбжьэгъу нэхъ щIалэхэрэ дыхэтщ.

ГъЭУГу тэмэм дытеувэн папщIэ, дэ Борис ч1энджэщыфI куэд кьыдитащ. Ар кьыддэIэпыкъурт ди тхыгъэхэр газетхэм, радиом щыпхьгъэкIыныжмкIэ, дэ ар зэи зэщыдгъэгъэупщIркъым. Ноби Къагъырмэсыр быдэу япыщIащ усакIуэ, тхакIуэ ныбжьыщIэхэм, абыхэм я Iуэху зэрыщIгъэкIыным сыт щыгъуи и ужь итщ. Араш ди тхакIуэхэм - нэхъыжьхэмэ нэхъыщIэхэмэ Къагъырмэсым псальэфI куэд щыхуежьэр икIи ар абы кьилэжьащ и тхыгъэхэмкIи и дуней тетыкIэмкIи.

Къагъырмэс Борис адыгэ, урыс литературэхэм кууу я хэзыщIыкI, бзэхэр фIы дыдэу зыщIэ щыхуэ. Ар зэи, рассказхэм нэмыщI, абы и Iэ дакъэ кьыщIэкащ адыгэ, балъкъэр, нэгъуэщI лъэпкъ кудмэ я у сакIуэхэм, проэз зытхэ зи я творчествэм теухуа статьяхэр, рецензэхэр, эссехэр, адыгэбзэкIэ зэридзэкIащ абыхэм я тхыгъэ куэд.

Борис мы зэманмэ жыжьэрэу мэлажьэ лъагапIэщIэхэр и пльапIэу. Сэ Къагъырмэсым соху зхэу и мурадхэр кьехъулIэну, езыри и унаГъэрэ куэдрэ зэуынымэ.

Си тхыгъэр сыухыну сыхуейт мыпхуэдэ хьабгарид: 2004 гъэм щыщхьэм тхакIуэ, усакIуэ Iэзэ Къагъырмэс Борис ЩIэныгъэхэмкIэ Дунейпсо Адыгэ Академием и член-корреспондент хахащ. Хуэфащэщ а щIэ лъапIэр Борис.

ТХЬЭЗЭЗПЛЬ Хьэсэн,
усакIуэ,
«Литературная Кабардино-Балкария» журналым и редактор нэхъыщхьэ.

1945 Адыгэ махуэгъэпс 2010

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэр хуит къызэращІыжрэ илъэс 67-рэ ирокъу

Ди Хэкум и ЛІыхъужьхэр


Совет Союзым и ЛІыхъужь Къанкъуэш Ахьмэдбэй

СССР-м и Ищхъэрэ Флотым и унафэщІу щыта, флотым и адмирал Головко Арсений

Совет Союзым и ЛІыхъужь Къардэн Къубатий

Совет Союзым и ЛІыхъужь Кузнецов Георгий


Совет Союзым и ЛІыхъужь Байсултанов Алим

Совет Союзым и ЛІыхъужь Иуан Хьэсэн

МАЗАЕ Февраль

Бл.	1	8	15	22
Гъу.	2	9	16	23
Бр.	3	10	17	24
Мху.	4	11	18	25
Мр.	5	12	19	26
Щб.	6	13	20	27
Тхь.	7	14	21	28

ЩІЫШЫЛЭ Январь

Бл.	4	11	18	25
Гъу.	5	12	19	26
Бр.	6	13	20	27
Мху.	7	14	21	28
Мр.	1 8	15	22	29
Щб.	2 9	16	23	30
Тхь.	3 10	17	24	31

Совет Союзым и ЛІыхъужь Кьэлмыкьуей Назир

Совет Союзым и ЛІыхъужь Мэсей Асльэдэрий

Совет Союзым и ЛІыхъужь Дворченский Николай

Совет Союзым и ЛІыхъужь Стебелинский Сергей

БАДЗЭУЭГЪУЭ Июль

Бл.	5	12	19	26
Гъу.	6	13	20	27
Бр.	7	14	21	28
Мху.	1 8	15	22	29
Мр.	2 9	16	23	30
Щб.	3 10	17	24	31
Тхь.	4 11	18	25	

ШЫЩХЬЭПУ Август

Бл.	2 9	16	23	30	
Гъу.	3 10	17	24	31	
Бр.	4 11	18	25		
Мху.	5 12	19	26		
Мр.	6 13	20	27		
Щб.	7 14	21	28		
Тхь.	1 8	15	22	29	

Совет Союзым и ЛІыхъужь Кузнецов Василий Григорий и къуэ

ГЪАТХЭПЭ Март

Бл.	1	8	15	22	29
Гъу.	2	9	16	23	30
Бр.	3	10	17	24	31
Мху.	4	11	18	25	
Мр.	5	12	19	26	
Щб.	6	13	20	27	
Тхь.	7	14	21	28	

Совет Союзым и ЛІыхъужь Яхэтуэ Михаил


Совет Союзым и ЛІыхъужь Къарэн Къбард

Совет Союзым и ЛІыхъужь Тамбий Владимир

НЭХУЩ Мухьэмэд

Майм и 9

Мы махуэр нобэ щІым и Текіуэныгъэщ,
Илъэсхэу лІыгъэщІапІэу екІуэкІар
Зи деж щытІъагъуу Майм и 9, уи дыгъэрщ
Ер зыгъэсыну зыхуэзфІэкІар.

Уи дежщ здэлтъагъур щІыхьым щІыгъуж напэу
Зэмыщщыжам здынэсыр и къарур,
Уи дежщ здэлъапІэр гъащІэм и нэхъапэ
Ирагъэщ Хэкум и щІыхугъэ куур.

Хъуащ илъэс щэщІрэ тхурэ мамыр гъащІэу
Совет зауэлым лІыгъэкІэ къихьар,
Уэфлъэм тхыдэм, ар ирокъу къэхъукъащІэ,
БлэкІам, къэкІуэнум я щІыхь къабзэщ ар.

Мес, зауэр зымылъагъуу къэтэджахэм
ЯлъэкІыр гуащІэдэкІкІэ зэхагъэкІ.
Фо тхыбжь щІалэгъуэ ахэр зыгъэдахэм
Хуэмей нІэну мамырыгъэ фІэкІ.

Ауэ щІалэгъуэ зыкъизыхым ижькІэ
Зауэлхэу лІыжь хъужахэр щызэхэ тщ.
Сыт пэжым фэрыщІагъэ къемыкІу щІыбгъукІэ,
Ягу къафІэкІыжхэр гунхыгъэу куэдщ.

Жыр щэхъ къуатахуэр я Іэшкъпъэлкъхэм хэтъхэу,
ХамыІэтыкІэу лІыгъэ зэрахьар.
КъокІыжыр я гум я ныбжьэгъу зауэлІхэу
ЗэуапІэм щыджэлахэу щІалъхьэжар,

Фашистхэм къуажэ, къалэу ягъэсахэм
Яцрыкі гъэгухэм гуауэу щалъэгъуар,
Сабий гунэщІхэу нбэ хъурей хъуахэм
Яхэбгэ зауэм щысхь зэримыІар.

А гуауэр ноби дигу имыху зымащІэкІэ,
А гуауэр ноби дэ ди нэгу щІэмыкІ.
Зауэлі къэнахэм нобэ бэлътоку кІапэкІэ,
Я нэпс къекІуахэр нахуэу щІалъэщІыкІ.

КІуэ пэтми хощыр ахэм я сатыр хэм,
Ягъуэтыгъа дырКъуэхэм яхьыж.
Ахэм ягу щІанэм, я Іэгуфэ нуркэм,
ЩІалэгъуэ, зэнымычу хуэщІ гупыкІ

Нобэрей махуэр Іэфіщ икІи шыугъэщ...
Илъэсхэу лІыгъэщІапІэу екІуэкІар
Зи деж щытІъагъуу Майм и 9, уи дыгъэрщ
Ер зыгъэсыну зыхуэзфІэкІар.

1980 гъэ.

Совет Союзым и ЛІыхъужь Диденкэ Николай

Совет Союзым и ЛІыхъужь Атаманчук Григорий

ФОКІАДЭ Сентябрь

Бл.	6	13	20	27	
Гъу.	7	14	21	28	
Бр.	1 8	15	22	29	
Мху.	2 9	16	23	30	
Мр.	3 10	17	24		
Щб.	4 11	18	25		
Тхь.	5 12	19	26		

Совет Союзым и ЛІыхъужь Иллазаров Исай

Совет Союзым и ЛІыхъужь Ошанин Грант

ЖЭПУЭГЪУЭ Октябрь

Бл.	4	11	18	25	
Гъу.	5	12	19	26	
Бр.	6	13	20	27	
Мху.	7	14	21	28	
Мр.	1 8	15	22	29	
Щб.	2 9	16	23	30	
Тхь.	3 10	17	24	31	

МЭЛЫЖЬЫХЬ Апрель

Бл.	5	12	19	26
Гъу.	6	13	20	27
Бр.	7	14	21	28
Мху.	1 8	15	22	29
Мр.	2 9	16	23	30
Щб.	3 10	17	24	
Тхь.	4 11	18	25	

НАКЪЫГЪЭ Май

Бл.	3	10	17	24	31
Гъу.	4	11	18	25	
Бр.	5	12	19	26	
Мху.	6	13	20	27	
Мр.	7	14	21	28	
Щб.	1 8	15	22	29	
Тхь.	2 9	16	23	30	

МЭКЪУАУЭГЪУЭ Июнь

Бл.	7	14	21	28
Гъу.	1 8	15	22	29
Бр.	2 9	16	23	30
Мху.	3 10	17	24	
Мр.	4 11	18	25	
Щб.	5 12	19	26	
Тхь.	6 13	20	27	


Совет Союзым и ЛІыхъужь Умаев Мухьэмэд

ЩЭКІУЭГЪУЭ Ноябрь

Бл.	1	8	15	22	29
Гъу.	2	9	16	23	30
Бр.	3	10	17	24	
Мху.	4	11	18	25	
Мр.	5	12	19	26	
Щб.	6	13	20	27	
Тхь.	7	14	21	28	

ДЫГЪЭГЪАЗЭ Декабрь

Бл.	6	13	20	27	
Гъу.	7	14	21	28	
Бр.	1 8	15	22	29	
Мху.	2 9	16	23	30	
Мр.	3 10	17	24	31	
Щб.	4 11	18	25		
Тхь.	5 12	19	26		

Совет Союзым и ЛІыхъужь Зубарев Иван

Совет Союзым и ЛІыхъужь Ачеев Филипп


Совет Союзым и ЛІыхъужь Емельяненко Анатолий

Совет Союзым и ЛІыхъужь Калюжный Николай

Совет Союзым и ЛІыхъужь Левченко Василий

Совет Союзым и ЛІыхъужь Литвинский Иван

Совет Союзым и ЛІыхъужь Ушанев Сергей


"Слава" орденым и степеныгэ зыхуэтъэфыщ Павленко Михаил


"Слава" орденым и степеныгэ зыхуэтъэфыщ Гераськенко Николай


"Слава" орденым и степеныгэ зыхуэтъэфыщ Мусэ Менды


"Слава" орденым и степеныгэ зыхуэтъэфыщ Кузнецов Василий Андрей и къуэ

"Слава" орденым и степеныгэ зыхуэтъэфыщ Маметов Мингир


Совет Союзым и ЛІыхъужь Ворошенко Григорий

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФІЫЦІЭ Мухьэмэд

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Ленинным и щІыкІэ щыІэ уэрам, 5, ебгъуанэ-епщІанэ къатхэр.

1905 гъэм щыІа Революцэм и цІэр зезыхьэ Республикэ полиграфкомбинат, Налшык къ., Ленинным и щІыкІэ щыІэ уэрам, 33, тел. 42-35-75.

Газетым 1989 гъэм дыгъэгъазэм и 16-м №Н-0065-м щІэту ятхащ.
Индексыр 51531 ● Тираж 10125 ● Заказ №4